Бзэхэмрэ цIыхумрэ

2-нэ нап.

IэмалыщIэм тохьэ

2-нэ нап.

ГъащIэри ажалри зыпэмылъэщ Iэужь

3-нэ нап.

«Махуэку»

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№143 (24.425) ● 2022 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 1, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Саугъэтым адэкIэ щIэбэнынухэр наIуэ мэхъу

4-нэ нап.

ТIуэкI къэдгъанэ хъунукъым

КIуэкIуэ Казбек иригъэкIащ республикэм Наркотикым пэщIэтыныжкIэ и комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуаэу Тимур, щIыналъэ, щIыпIэ муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъумэ Iуэхущ1аIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIалэгъуалэр наркотикым пэIэщIэ щIыным, ди щIыналъэм абы зыщемыгъэубгъуным теухуауэ зэфIах лэжьыгъэм.

КIуэкIуэ Казбек хьэзэхуэсахэм захуигъазэу жиIащ: «Наркотикым пэщIэтыныжкIэ комиссэм и лэжьыгъэр къэрал политикэм зегъэужьныжкIэ УФ-м и Президентым и Унафэм ипкъ иту зэтеублащ. Мы унэтIныгъэм теухуауэ тхузэфIэкI къэдмыгъанэу дымылажьэу хъунукъым. Хабзэхъумэ Iуэхущ1аIэхэр хуэткIийщ а щIэпхъаджагъэм ехахэм, ауэ наркотикыр ди щIалэгъуалэм къажэныхьэхэхым, абы щыгъэщтэным ятеуауэ лэжьыгъэхэм тегъэщIапхъэщ».

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ наркотикыр щэныкъэ зэхьэдIэныжкIэ ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэм зэрыкIэрыхуар, ауэ ар зэрамыкьэIуэ мыпсэужьыфэр къэгъэнэхуэныжкIэ лэжьыгъэшхуэ къаззэрыпэщIылъыр.

КъБР-м егъаджэныгъэмрэ щIэныгъэм и министр **Езауэ Анзор** жиIащ наркотикым зэрану пылъым теухуауэ ди щIыналъэм и еджапIэхэм щIэсхэм щIэх-щIэхыуэр зэрепсалъэр, абы пэщIэтыныжкIэ Iуэху зэмылIужьыгъуэхэр къызэрызэрагъэпэщыр. Къапщтэмэ, 2022 гъэр къызэрихьэрэ, наркотикым пэщIэтыным теухуауэ ныбжьыщIэ, щIалэгъуалэ зэхуэсэ дауэдапщэу 3500-рэ ирагъэкIуэкIащ, еджапIэ 6500-м дохутыр-хэр къыргъэплъащ, а щхьэхьыр зэзыхьэлIэхэр къызэращIэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI.

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Лу Азэмэт** тепсэлъыхьащ наркотикым пэщIэтыныжкIэ щIалэгъуалэ Iуэхущ1аIэхэм министерствэр жыджэру зэрадэлажьэм. Къыхэгъэщыпхъэщ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ апхуэдэ зэщIэхъеныгъэхэр зэрыщIэр. Министрым зэрыжиIамкlэ, мы лэжьыгъэм къуажэдэсхэри къыхэшэнущ.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Iэминат** жиIащ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ Iуэху щхьэпэхэм дегъэхьэхьным теухуауэ Щэнхабзэмкlэ уни 145-м зэгухьэныгъэ зэмылIужьыгъуэхэр зэрыщылажьэр, абыхэм сабий мин 50-м щIигъу къызэрекIуалIэр.

КъБР-м щIалэгъуалэм и Iуэхухэмкlэ и министр **Павлов Василий** тепсэлъыхьащ наркотикым пэщIэтэ республикэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм къыпэкIуэм. ЗэIущIэм къыщыпсэльащ Аруан, Шэджэм щIыналъэ администрацэхэм я тхьэмадзэхэу **Ажий Валерэрэ Борсэ Юрэрэ**. Абыхэми зи гугъу ящIар афиным зэрыпэщIэт щIыкIэрщ.

Комиссэм 2023 гъэм иригъэкIуэныгъэ лэжьыгъэр ябзыхуащ, республикэм и щIалэгъуалэ политикэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым и Iуэхущ1аIэхэм ягъуэта зэхъуэкIныгъэхэм тету.

КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ мы Iуэхум теухуауэ къэрал властым и Гъэзэщ1акIуэ органэр хабзэхъумэхэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмрэ нэхъ жыджэру ядэлэжьэну.

УсакIуэшхуэр ягу къагъэкIыж

● Фэеплъ

Адыгэ литературэм и классик, усакIуэ икIи тхакIуэ, егъэджакIуэ Щоджэнцыкlу Алий дунейм зэрехьыжрэ илъэс 81-рэ зэрырикъум теухуауэ щэкIуэгъуэм и 29-м Налшык къалэм пэкIу щыIэзэхэщ. Ар къыщыIэзэрагъэпэщащ усакIуэшхуэм и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и пащIантIэм дэт и фэеплъым деж.

ПэкIум щыIэхуэсащ тхакIуэхэр, усакIуэхэр, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакIуэхэр, жылагъуэр, Щоджэнцыкlу лъэпкъым щыщ-хэр.

- Щоджэнцыкlу Алий дунейм зэрехьжрэ илъэс 81-рэ мэхъу. Апхуэдэхэм хужаIэ хабзэщ: «Куэд къимыгъэщIами, лъэужьифIэ ухущ», - жиIащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгух1эныгъэм и унафэщI Тхьэгъэзит Юрэ. - Лъэпкъ тхыдэмрэ литературэмрэ апхуэдэ лъэужь усакIуэм къыщимыгъэнамэ, илъэс 81-рэ дэкIыжауэ и фэеплъым деж дыщыщхуэсынтэкъым. Абы и лэжьыгъэ купщафIэхэм, лIэщIыгъуэхэр дэкIми, балигъэхми ныбжьыщIэхэми зыхуагъэзэнущ, ахэр зэманым поджэж, фIымрэ Iеймрэ, захуагъэмрэ мыхъумыщIагъэмрэ къыщигъэлъэгъащ.

- Нобэ дигу кьыдогъэкIыж адыгэ литературэм и классик, усакIуэ, тхакIуэ Щоджэнцыкlу Алий. Дэтхэнэ зы цIыхуми хуэдэу, Щоджэнцыкlум и дежкIэ дамыгъэ нэхъ лъапIэр цIыхубэм зэрагъэлъагъуэр щыгъуэм хуэдизкIэ щIалэгъуалэ зэхуэсэ дауэдапщэу 3500-рэ ирагъэкIуэкIащ, еджапIэ 6500-м дохутыр-хэр къыргъэплъащ, а щхьэхьыр зэзыхьэлIэхэр къызэращIэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI.

КъБР-м щIалэгъуалэм и Iуэхухэмкlэ и министр **Лу Азэмэт** тепсэлъыхьащ наркотикым пэщIэтыныжкIэ щIалэгъуалэ Iуэхущ1аIэхэм министерствэр жыджэру зэрадэлажьэм. Къыхэгъэщыпхъэщ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ апхуэдэ зэщIэхъеныгъэхэр зэрыщIэр. Министрым зэрыжиIамкlэ, мы лэжьыгъэм къуажэдэсхэри къыхэшэнущ.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Iэминат** жиIащ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ Iуэху щхьэпэхэм дегъэхьэхьным теухуауэ Щэнхабзэмкlэ уни 145-м зэгухьэныгъэ зэмылIужьыгъуэхэр зэрыщылажьэр, абыхэм сабий мин 50-м щIигъу къызэрекIуалIэр.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Iэминат** жиIащ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ Iуэху щхьэпэхэм дегъэхьэхьным теухуауэ Щэнхабзэмкlэ уни 145-м зэгухьэныгъэ зэмылIужьыгъуэхэр зэрыщылажьэр, абыхэм сабий мин 50-м щIигъу къызэрекIуалIэр.

КъБР-м щIалэгъуалэм и Iуэхухэмкlэ и министр **Павлов Василий** тепсэлъыхьащ наркотикым пэщIэтэ республикэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм къыпэкIуэм. ЗэIущIэм къыщыпсэльащ Аруан, Шэджэм щIыналъэ администрацэхэм я тхьэмадзэхэу **Ажий Валерэрэ Борсэ Юрэрэ**. Абыхэми зи гугъу ящIар афиным зэрыпэщIэт щIыкIэрщ.

Комиссэм 2023 гъэм иригъэкIуэныгъэ лэжьыгъэр ябзыхуащ, республикэм и щIалэгъуалэ политикэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым и Iуэхущ1аIэхэм ягъуэта зэхъуэкIныгъэхэм тету.

КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ мы Iуэхум теухуауэ къэрал властым и Гъэзэщ1акIуэ органэр хабзэхъумэхэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмрэ нэхъ жыджэру ядэлэжьэну.

Тепсэлъ

Адыгэ литературэм и классик, усакIуэ икIи тхакIуэ, егъэджакIуэ Щоджэнцыкlу Алий дунейм зэрехьжрэ илъэс 81-рэ зэрырикъум теухуауэ щэкIуэгъуэм и 29-м Налшык къалэм пэкIу щыIэзэхэщ. Ар къыщыIэзэрагъэпэщащ усакIуэшхуэм и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и пащIантIэм дэт и фэеплъым деж.

ПэкIум щыIэхуэсащ тхакIуэхэр, усакIуэхэр, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакIуэхэр, жылагъуэр, Щоджэнцыкlу лъэпкъым щыщ-хэр.

- Щоджэнцыкlу Алий дунейм зэрехьжрэ илъэс 81-рэ мэхъу. Апхуэдэхэм хужаIэ хабзэщ: «Куэд къимыгъэщIами, лъэужьифIэ ухущ», - жиIащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгух1эныгъэм и унафэщI Тхьэгъэзит Юрэ. - Лъэпкъ тхыдэмрэ литературэмрэ апхуэдэ лъэужь усакIуэм къыщимыгъэнамэ, илъэс 81-рэ дэкIыжауэ и фэеплъым деж дыщыщхуэсынтэкъым. Абы и лэжьыгъэ купщафIэхэм, лIэщIыгъуэхэр дэкIми, балигъэхми ныбжьыщIэхэми зыхуагъэзэнущ, ахэр зэманым поджэж, фIымрэ Iеймрэ, захуагъэмрэ мыхъумыщIагъэмрэ къыщигъэлъэгъащ.

- Нобэ дигу кьыдогъэкIыж адыгэ литературэм и классик, усакIуэ, тхакIуэ Щоджэнцыкlу Алий. Дэтхэнэ зы цIыхуми хуэдэу, Щоджэнцыкlум и дежкIэ дамыгъэ нэхъ лъапIэр цIыхубэм зэрагъэлъагъуэр щыгъуэм халъхуа Алий уэсят пэлъытэу итха «Налшык» усэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ. Курыт еджапIэм адыгэбзэр щезыгъэдж Щоджэнцыкlум хьэрыпыбзэр, тырыкубзэр, франджыбзэр, эсперантэр ищIэрт. Зи ныбжьыр илъэс 17-м иту лъэпкъ литературэм лъэ быдзкIэ хыхьа Щоджэнцыкlу Алий и лэжьыгъэхэр щIэныгъэлIхэм нэсу кьахутэну иджыри хунэсакъым. 1941 гъэм усакIуэшхуэр фронтым кIуэ нэужь гъэру яубыдащ икIи зауэм и япэ бжьыхьэм Бобруйск щIыпIэ концлагерым щылIащ.

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэр абы и усэхэм щыщ ныкьеджащ.

УсакIуэм и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ къыззыхуэсахэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трикаж.*

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Iуэхущ1аIэхэм къызэратамкIэ

Зэлэжьынухэр яубзыху

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ухуэныгъэ инхэмкIэ штабым и зэIущIэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, абы и япэ кьуэдзэ **Къуныжь МуIэед**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министр **Бэрбэч Алим**, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **Дыщэкl Аслъэн** сымэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиI Iуэхущ1аIэ зыбжанзым я ухуэныгъэр зэрекIуэкIым. Ахэр псори лъэпкъ, къэрал, щIэныгъэм, щэнхабзэм, спортым хуэхахуэ къуажэхэм щыIэхэр. Абыхэм я Iэгъуэблагъэр, екIуалIэ гъуэгухэр, коммунальнэ Iуэхущ1аIэхэр зыхуей хуэгъэзапхъэщ. ЖыпIэнурамэ, лэжьыгъэм зыныкъуэ псомкIи къыщеплъын, цIыхуэхэм я лъэпкъэхэр Iэмал имыIэу къэпытэн хуейщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

Бюджетым и япэ еджэгъуэр

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэр щэкIуэгъуэм и 24-м иригъэкIуэкIащ.

ДЗЭЛЫКЪУЭ районым и суд Iуэхущ1аIэ №1-м и ззэныгъэкIуэ хеящIэм и къулыкъум ягъуэващ Тхьуэст Кьантемыр. КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм хагъэхьащ Бекъан Заур.

ЗэIущIэм япэ еджэгъуэ къыщащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2023 гъэм, 2024 - 2025 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ** жиIащ дэфтэрыр Бюджет кодексымрэ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэну хуагъэфащэмрэ тету зэрызэхагъэувар.

- 2023 гъэм республикэм и хэхуэхэр - сом мелард 52,2-рэ, къигъэсэбэныну зыхуеинур сом мелард 55,9-рэ хьунущ. Налогхэмрэ нэгъуэщI хэхуэгу сом мелард 14,2-рэ кьатыну тыдоухуэ, - жиIащ Лисун Еленэ. - Налогым щымыщ хэхуэгъэ сом мелард 1,3-рэ хьунущ. Ахэр нэхъыбэу къызыхэкIыу къагъэлъагъуэр къэрал мыльку щыщ къызэрагъэсэбэлъым щхьэщатыкIхэрщ, къуэдзхэрщ, хэщIыныгъэхэм пагъэувыж мыльку-хэрщ. Республикэм зымыгъэзэж хэхуэуэ 2023 гъэм иIэнур сом мелард 38-рэ хьуну худогъэфащэ. Сабийхэм зэрызыщIагъакъуэ ахъшэхэр етыныр къызэрэпэщыным щIыналъэм хилъхьэнущ сом зы мелардым щIигъу. Бюджетыр щытедгъашэм нэхъыбэу тегъэщIапIэ тщIар щIыхуэм я псэукIэр нэхъыфI зэрыгъэщIнум теухуа ди пщэрылъхэр зэрыдгъэззэщIэныщ. Абыхэм текIуэдэнущ сом мелард 38,2-рэ. Псом хуэмыдэу дыхущIэкIуащ щIыхуэм ахъшэкIэ зэрызащIэдгъакъуэр ныкъуасныгъэншэу къызэрэпэщыным - сом мелард 11,7-рэ хэхтхынущ. МРОТ-р хэгъэхуэным теухуа унафэхэр къэлыпытауэ, улахуэр тыным сом мелард 16,3-рэ хухьдох. Зэгъэпэщыжныгъэ лэжьыгъэхэм, ухуэныгъэ Iуэхухэм сом меларди 6 къызэщIаубыдэ.

Писун Еленэ къыхигъэщащ ящхуэну къыщIадза школхэр 2023 гъэм зэрагъэхьнур, апхуэдэуи иджыри школыщIэу 8 мы гъэм къызэзрырагъэжьэнур. Къищынэмыщ1ауэ, зи гугъу ящI пIалъэм зэфIагъэкIыну я мурадщ Налшык къалэм щащI онкологие центрыр, щIалэгъуалэм я уардзунэр, Тырныауз къалэм псыр зыгъэкьабзэ и ухуэныгъэхэр. Ахэр зэрауахьну ахъшэр республикэм и бюджетым хагъэхьащ.

Бюджетым хагъэхьащ Бахъсэн щIухуэну псыжапIэм текIуэдэнур: 2023 гъэм я Iуэхуэхьнур сом зы меларддрэ мелуан 70-рэ мэхъу, 2024 гъэм - сом мелуан 943-рэ, 2025 гъэм - сом мелуан 301-рэ. Лъэпкъ Iуэхуэхэр гъэззэщIэным сом меларди 7,9-рэ текIуэдэнущ, республикэм абы хилъхьэнущ сом мелуан 330-рэ.

КъБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмрэ финанс Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI, «Урысей зэкъуэт» фракцым и унафэщI **Афэщ1агъуэ Михаил** къыхигъэщащ щIыналъэм и бюджетыр хущIыщIэу кьащтами, Бюджет кодексым къыщыгъэльэгъуахэм ар зэрытетыр. «Псом нэхърэ нэхъыщхьэр КъБР-м и Правительствэм зыхуигъэувыж къаIэнэхэр гъэззэщIа зэрыхъунырщ. Абы и лъэныкъэкIэ бюджетми республикэм езым кьилэжьми хэхуэ зэраIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, икIи щIыналъэм и пщэрылъхэр хуэгъэззэщIэнущ. Дэфтэрым КъБР-м и Парламентым и комитет псори зэгъусэу делэжьащ икIи Iуэхугъуэ 44-рэ абы хэтлъхьэжьи ну къэдгъэлъэгъуащ, 14-р япэ еджэгъуэм хэтщтэну къыхыдолъхьэ, 17-р - ещанэ еджэгъуэм деж. Къэтlэта Iуэхухэм ящыщщ цIыху щхьэхуэхэр хущхъуэкIэ къызэрызэдгъэпэщ Iэмалхэр, еджапIэхэм ахъшэ яхудэщIыгъуэ зэрыхуейр, нэгъуэщIхэри. Сыздгъэпсыныжкlэ, республикэм и бюджетыр, адрей илъэсхэми хуэдэу, нэхъыбэу зытегъэщIар цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI зыщIыну Iуэхухэрщ, абыхэм защIэкъэхуэныщ. Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ илъэс куэд хьуауэ дымыкъ Iуэхущ1аIэхэм я ухуэныгъэ. Ди республикэр хэхуэщ псэупIэ хуэIухуэщIэ Iэнатlэм зегъэужьныжкlэ бюджет кредит зэрат программэм. Абыкlэ делэжьныгъ, псалъэм папщIэ, Бахъсэн псы бжьамийр щыIухуэныкъым. Къапщтэмэ, фракцым законопроектыр деIыгъ», - жиIащ Афэщ1агъуэм.

КПРФ-м и унафэщI **Пащты Борис** къыхигъэщащ фIыуэ къаззэрыгурыIуэр мы зэманым къэралыр щытыкIэ гугъу зэриту икIи абы хэту щIыналъэм и бюджетыр кьащтэн зэрыкуейр. «Бюджетыр бжьыгъэхэм кIэ зэхэдгъэувэ дэфтэр къудейкъым, ар щIыналъэм и псэукIэ хъунур къэзыгъэльагъэущ: сыт хуэдиз гъуэгу тхуегъэфIэкIуэнуми, сабий зеиншэу дапщэ унэкIэ кьытхуэзгъэпэщынуми, Iуэхущ1аIэ дапщэ тхуэзуэнуми, лэжьаIэ Iэнатlэ сыт хуэдиз кьытхуэзIуэнуми... Дызыхуэкlуэ илъэсхэр гугъу дыдэ хъунуми, ди кьаур псом япэу хуэдунэтIыпхъэщ налог кьызэрыхах щIыкIэр едгъэфIэкIуэным. Дэ сыт щыгъуи дыхьэзырщ КъБР-м и Правительствэм и гъусэу мы Iуэхухэм делэжьыну, цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI зэрыхьэну щIыкIэм дегугъу-ну», - жиIащ Пащтым.

- Республикэм и бюджетыр щIэзэхагъэувэм, КъБР-м и Парламентым и комитет псори абы дыхэплъащ икIи ди фракцэм кьыбгъэдэкIыу кьыхэтлъхьа зэхъуэкIныгъэхэр хьумэныжкlэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир жиIащ «Чэфхэм, афиян зэзыхьэлIахэм щыдэIэпыкъу Iуэхущ1аIэ хэха щIыналъэхэм кьыщызэгъэпэщыным и Iуэхущ1э» Федеральнэ законым и Iыхьэ 44-нэм и езанэ статьям и пункт 47-м кьызэрыщыгъэльэгъуам тету законопроектыр зэрызэхагъэувар.

- Абы ипкъ иткIэ, республикэм и Правительствэм хуитныныгъэ иIэщ апхуэдэ Iуэхущ1аIэ къызэрагъэпэщыну. Мы зэманым ди щIыналъэм фадэрэ афиян лIэужьыгъуэхэрэ къззыгъэсэбэпхэм я бжьыгъэр нэхъ мащIэ щыхъуащ икIи абыхэм папщIэ Iуэхущ1аIэ къызэдгъэпэщыным дыхэныкьуэкьым. Абы кьыхэкIыу, республикэм и бюджетым и проект кьатщтэм я Iуэхум мыльку хуэтхын хуейуэ кьыщыдгъэльэгъуакъым, - жиIащ депутатым.

Къищынэмыщ1ауэ, зэIущIэм къыщащтащ «КъБР-м и къэрал мылькур зэрызэрагъакIуэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 40-м зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ», «КъБР-м ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэинхэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 15-м зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хагъэхьащ КъБКъУ-м Студент зэгухьэныгъэхэм, щIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкlэ и центрым и унафэщI Тимофеевэ Ксениерэ Iуащхьэмахуэ районым и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Селяев Хьэзрэтэлийрэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ХъугъуэфIыгъуэ мылъытэ

● Бжыгъэхэм къаIуатэ

Дэтхэнэ адэ-анэм и дежкIи быныр Iэфщ, зыхуэбгъадэ щымыIэ фIыгъэущ, гъащIэм и гурыфIыгъуэщ. Быныр къызыщIэхъуа адэ-анэмрэ унагъуэмрэ я закъуэкIэм а Iуэхугъуэм гулъытэ хуэзыщIыр - къэрал унафэщIхэм я нэIэм тхIийуэ щIэтщ сабий зыгъуэт унагъуэхэм я псэукIэр, абыхэм ягъуэт зыужьыныгъэр, сабийхэмрэ анэхэмрэ я уэзышагъэр хуэмэныр.

БЫН ЗЫГЪУЭТ унагъуэхэм, анэхэм яхуэгъэза къэрал гулъытэхэм ящыщщ, а унэтIыныгъэм хуэпажьэ лъэпкъ проектэмрэ абыхэм я гъэдзэнэхэмрэ. Жылагъуэм пщIэ щегъуэт абыхэм ящыщ дэтхэнэми. Бын етIуанэ (ещанэ, ...) зззыгъэзгъуэтыну тегушхуэхэм я бжьыгъэм зэрыхэхъуари абы иупх хъунущ, дауи. Сабийр дунейм кьытемыхьэ щIыкIэ абыи анэми я узышагъэм набдзэгубдзапльэу щыкIэлъыплъ Iуэпажьэ лъэпкъ проектэмрэ абыхэм я гъэдзэнэхэмрэ. Жылагъуэм пщIэ щегъуэт абыхэм ящыщ дэтхэнэми. Бын етIуанэ (ещанэ, ...) ззз

Щэнхабзэ зекIуэм зеубгъу

Жэпуэгъуэм и 31-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 9-м пщIондэ щэнхабзэ зекIуэ зыфIаща пахъуэщIэр (проектыр) къэралым щокIуэкI. Абы хэтыну, бгъэдэль щIэныгъэр щигъэлъэгъуэну хьихьэну Iэмал яIэщ Къэбэрдей-Балъкъарым щыщ ещанкIуэ ныбжьыщIэхэм, абыхъм я адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм. ЗекIуэм хэтыну гукъыдэж зиIэхэм папщIэ къызэрэпэщащIуэхэм зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгуэхэр зэхагъэуващ, интерактив жьыпхъэм и упщIалъхэр ягъэхъэзыращ, щIэныгъэ плIанэм къыхахьылъащ. Щэнхабзэ зекIуэр онлайн жьыпхъэм итущ, пэIудзауэщ зэрекIуэкIыр.

ЩЭНХАБЗЭ зекIуэм хьихьэнухэм Iэмал яIэнуд щыгъэныкъуэ и къеклIуэкIыкIар, и тхыдэр зрагъэщIыну, абы зэрызихьуэжа щIыкIэхэм кIэлъыплъыну, щIэуэ къыхьыхьамрэ жьы хъууэ хэкIуэдыкIыжьхажэмрэ зыщагъэгъуэзэну, абы лъэпкъым и тхыдэмрэ щIыналъэхэм щызекIуэ щхьэхуэныгъэхэмрэ къызэрыгешыр къахутэну. ЗекIуэм и япэ Iыхьэм и кIуэцIкIэ еджакIуэ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэпсакIуэм (стилист) и Iэщ Iагъэм хэлъ щэхуэхм нэIуэсэ зыхуащIащ, абы хэлъ хьэлэмэтгъэхэм ятеухуэ псалъэмакъ купщIафIэхэм щIэдэIуащ. Апхуэдэу еджакIуэхэм я унагъэум иуть сурэт тъэгIылъыгъэхэм тещIыхьауэ щыгъэныкъ кIыкIуэ тхыдэ гъэзэгъанэм ирилпльащ. Псалъэм и хьэрыкIэ, гъэщIагъэуэн дыдэт революцэм иужькIэ фащэм и гъэпсыкIэм игъуэта зэхъуэжьыныгъэхэм, япэ щхьэр уэгум ихьа нэужь, щIыхуфэм пщIэ зэрригъэтам, щыгъэныкъ хэлъ щIыхуу-плъажьыкIэм и къежьныр химиием зэрепхам, бжьакъуэбэ пыIэм и къуэнхуэкIэм, пластиким кьыхэщIыкIа бащыгъбэм модэр зэрихьэуэжам епха хъыбархэр.

Щэнхабзэ зекIуэм и етIуанэ Iыхьэр щэныгъэм нэхъ тещIыхьауэ щытщ. Мыбдеж ныбжьыщIэхэм махуэшхуэхэмрэ тхьэлъэIу дауэдапщэхэмрэ ирихьэлIэу цIыхуэхэм гъэщIэрэщIауэ зэрызахуагъэу щытар къызытещ сурэтхэр зэхуахьэсу утыкум кърахьэн хуейщ. Ар Урысейм щыпсэу Iэлапхъэм я фащэмк хъунущ, зэманым декIуу ящыгъа махуэщ щыгъынми ягъэ кIынукъым - нэхъыщхьэр лъэхъэнэр къытещу щытынращ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, мы пэхуэщIэр цIыхур гуфIэгъуэм зэрыхьихьэу щыта щыгъынхэр къызэрыщ сурэтхэм я зэхуэхьэсыпIэ икIи хъуманIэ ин дыдэу щытынущ. ГурыIуэгъуэщ - щыгъными лIэщIыгъуэ къэс и нэпкъыжьэ ятелъу къонэ, зыгуэркъэ кIэрохурн, щыIэныгъэм хокIуэдэжь, зыгуэркъэр къонэрн, кIуэцIыпIь мыхьэнэкIи ират гъэпсыкIэкIи псэщIэ къыIыкIуэ гъащIэм къыхонэ, ауэ дэтхэнэри тыдэм и гуэрджщ, жылагъуэм и псэукIэр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ щапхъэщ.

«Урысейпсо мыхьэнэ зиIэ щэнхабзэ зекIуэм дызыхуригъэплъэкIыжьыр щыгъными къызэринэкIа блэкIам и закъуэкъым. Абы Iупщ1у ди нэгу къыщIегъэуэ фащэхэмрэ щыгъныигъуэхэмрэ щIыналъэхэм, лъэпкъхэм я щэнхабзэм зиужьыным мыхьэнэуэ щдIэр зыхуэдизыр, ар къэзгъэнауэ, щыIэ хъуэ, лъэхъэнэщIауэ щэнхабзэ дунейм лъагъуэкIэм ижь модэм зэрыщIихур», - къыхурэщащ УФ-м щэнхабзэмкIэ и министрым и кIуэдзэ Преподобная Надеждэ.

«Щэнхабзэ зекIуэм и мыхьэнэр фэилъхьэгъуэ зэмылIужьыгъуэхэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэмрэ ахэр къызэрыхуэ щыкIэхэмрэ ятеухуэну щIэблэм щIэныгъэ ябгъэдэлъхьанымк къыщIыувыIэрхъыну. Дэ дыщогучъ ди хэгъэгу щыпсэу гъэпкъыбзэм я щэнхабзэ щIэным екъэлIауэ зэхъэзхуэм и кIуэцIкIэ ныбжьыщIэхэм къыщащIыну щIэ псоу ягъэджэныгъэмкIэ къэралым щызекIуэ мардэхэм къагъэув Iэхуэгуэу зэхъэщхьэр зэщIэным хуэгъэпса хуэну, нэгъуэщIу жьипIэмэ - уэру къакIуэ информацэр абыхъм зэхащIыкIыфу, я щIэныгъэм хэзыгъэхьэуэ икIи къыхахыну зытраубыда Iащ1агъэм щхьэкIэ есэныгъэхэм зрагъэужьыну, ахэр нэхъри къыхигъэблагъэлыкIыну», - жиIащ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министрым и япэ кIуэдзэ Бугаев Александр.

Къэбэрдей-Балъкъарым щыпсэу ныбжьыщIэхэм Iэмал къарзынэхэр яIащ я адэшхуэ-анэшхуэхэр къызэрыщI пасэрей сурэтхэм къыщегъэжьауэ иджырей лъэхъэнэм къэсу щыгъныным къыщIыувыIэрхъыну. Дэ дыщогучъ ди хэгъэгу щыпсэу къэпкъыбзэм я щэнхабзэ щIэным екъэлIауэ гъэуэгуэ зыбгъэужьу къэхутэнымрэ

Дуней телъыджэ къэзыгъэщIа сурэтыщI цIэрыIуэ

Къып Мухьэмэд къыззэралъхурэ илъэс 80 урокъу

ГъащIэри ажалри зыпэмылъэщ Iэужь

ЩэкIуэгъуэр Къып Мухьэмэд и мазэщ. Бжьыхьэ бейбом сурэт щIынкIэ, IэзэгъэкIэ пеуэ фIэкI умыщIэну псэуащ ар. Ауэ бжьыхьэр илъэс къэси къохьэ, Къыпым хуэдэхэр лIэщIыгъуэм зэ къэхъуакъымахъуми араща...

КъЫПЫМ и IэхъущIафэм, Iэзагъым, щIэныгъэм, цIыхугъэм теухуауэ хъыбар дахэ куэд зэхэтхащ щыпсэуми дуней екъиа иужькIи. Иджы, абы хуэфащэн псалъэ сыхэщыпихьу сыдэщысым, Мухьэмэд тхьилъмпIэ кIапэм къыщIигъэщIу щыта тельыджэхэм пэхъункIэ сэ тхьилъмпIэр зэрысхуэмыгъэнщIынур къызгурыIуащ.

ЦIыху зэхэщIыкIым куэд елъытащ. Ар нэхъ куухуу, цIыхум хуэзфIэкIым елъытауэ, фIы гуэр къигъэщIыну хущIэкъу хабзащ. Мухьэмэд и зэхэщIыкIыр зыхуэдар дольагъу, тлъагъу щхьэкIэ абы и акъылыр здынэсам унэплъысыфыркъым.

«Лъэпкъ къэс езым и псэм пэгъунэгъу гуязджэ иIэжщ. Сэ къыхэсхам искусствэм ди лъэпкъыр хуэхьэзыртэкъым»,- жиIащ зэгуэрым Къыпым. Захуэтэкъэ? Захуэт! Армыхъумэ, къызэрыгуэкI къэрэндащкIэ абы къиГъащIэ дуней телъыджэм щхьэ хуэфащэ гулъытэ хуэдмыщIри? СфIэГъащIэгъуэну согупсыс гъэ, е лIэщIыгъэ дапщэкIэ дяпэ ищауэ пIэрэт Къыпыр и лэжьыгъэхэмкIэ. Сыт хуэдэ дуней Мухьэмэд зыхэпсэукIар? Абы и ГъащIэ зыхэлъа дунейм нэхъри и псэр зыхэлъа и сурэтхэм нэхъ къатощыж и хъэлри и псэукIэри. Абы и къэрэндащым къритхэ налъэ хъес гупсысэ, дуней телъыджэ къагъэщIу зэщIэжьуэрт.

И IэщIагъэм, Тхъэм кърита и зэфIэкIым хуэпэжа зырызхэм ящыщщ Мухьэмэд. ЦIыхур цIэрыIуэ, Iэзэ зыщIыр абы и IэщIагъэ фIыуэ зэриГъэрыщ. И ныбжьэгъуэм зэрыжаIэжмкIэ, Мухьэмэд зиужь, и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпыт. Адэжи хигъэхъуэныи къыщIэкIынт...

Ажалыр IэщIыIэкIэ лъэпкым кьытхэIэбами, Къыпыр абакIи гъащIэм ебзэджэкIащ, икIи игъащIэкIэ тедзапIэми далэжьащ. 1975 гъэм сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэчэрэ абырэ Щоджэнщыкlу Алий «Къамботрэ Лацэрэ» и пэмэм сурэтхэр хуащIащ. 1977 гъэм Къыпым и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Смерть песни», «Пхъэм и тхьэусыхафэ» графикэ лэжьыгъэхэр. «Нур», «Нюр» сабий журналхэр къыззэщIэпэщаxэм яхэтащ икIи 1979 - 1984 гъэхэм а къыдэкIыгъэхэм я художественнэ редактору щытащ. Къыпыр Урысейм и Сурэтыщ1эм я зэгуэхэныгъэм хагъэхьащ 1980 гъэм. Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлI» поэмэм 1982 гъэм сурэтхэр хуищIащ. 1988 - 1992 гъэхэм ар лэжьащ КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгуэхэныгъэм и унафэщIу. 1995 гъэм абы и кIэм нигъэсащ къэрэндащрэ шэкъэкIэ ищIа автопортрет 40-м щIигъу.

Къыпыр хэтащ союзэпсо, урысейпсо, республикэпсо художественнэ гъэлъэгуэныгъэу 50-м щIигъум. Абы игъэдэхащ, сурэтхэр яхуищIащ республикэм, къэралым, хамэ щIыналъхэм къыщыдэкIа художественнэ тхыгъэ 40-м щIигъу. Апхуэдэ куэд хъэхьащ Москва щекIуэкIа Дунейпсо тхылъ гъэлъэгуэныгъэхэм. Сурэтыщ1ыдэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ портрет 300-м щIигъу. 1995 - 2000 гъэхэм ар Горький Максим и цIэр зезыхъэ Урыс къэрал драмэ, Налшык къалэм и «Коврик» театрхэм я художник-постановщикыу лэжьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и театрхэм абы щIигъуэвращ икIи щIигъэдхащ спектакль, пьесэ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ Iутlыж Борис и «Тыргъэтауэ», Мольер Жан Батист и «Мещанин во дворянстве», Карим Мустай и «В ночь лунного затмения», Чехов Антон и «Иванов» лэжьыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Къыпр Мухьэмэд 2001 гъэм дунейм ехыжащ. 2004 гъэм сурэтыщIым и цIэр фIащащ. Къулъкъужьи и уэрам ар къыщалъхуам икIи щыпсэуам. Апхуэдэу а жьлэм къыщыззIыгъахауэ щолажьэ Къыпр Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ художественнэ школ тельыджэ, иужькIэ ГъыазджэхэмкIэ сабий школ зыфIащыжащ.

Тхылъ, станковэ графикэ, живопись, монументальнэ, театр-декорацI гъуазджэм ехьэлIа лэжьыгъэ гъащIэгъэнхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Къыпым республикэм и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ зылI и гуэгъэ мыхъуу, лIищэ я IэхъущIафэкIэ игъэбеящ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Щ1ыхугъэ зыхэлът

Мухьэмэд цIыхугъэшхэ зыхэлъ цIыхут. ЦIЫХУ псалъэм абы и Iуэхущ1афэ, дуней тетыкIэ псори къызэщIызогъэубыдэ. ЦIыхугъэшхэ хэлъащ.

СЭ СЫЗЭРЕПЛЪЫМКIЭ, зы лъэхъэнэ гуэркIэ лъэпкъ гупсысэм и зиужьныгъэр зэпыуагъэ щытащ. Мухьэмэд и ныбжьхэм деж а Iэхуум, псом хуэмыдэу гъуазджэм ехьэлIауэ, къыщыщIидзэжауэ къэплъитэ хъунущ. Къып Мухьэмэд, Хьэлупэ Джабрэлий, Бещтокъуэ Хьэбас сымэ нэхъ къыхэжэп-хьыкIащ, адэжи Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Бжьэлмыс Хьид сымэ сьоклIэу. Абыхэм я нэхъ къихьри, адыгэбзэ яIуриIуэу, пасэрей хъыбарыжьхэр фIыуэ ящIэу, ау тхэкIа-еджэкIэ ямыщIэу лIыжь-фызыжьхэм ябгъэдэсащ. Ябгъэдэсам и мызакъуэу, абыхэм ябгъэдэлъ фIагъ псори къыпкърахыфащ.

Мухьэмэд, Джабрэлий, Хьэбас сымэ лъэпкъ гъуазджэм и Iэхъу зэрефIэкIуэнум япэу егупсысахэм, ар игъэбэкъуэну зыхуэдэкIахэм ящыщщ.

Сэ си гугъэмкIэ, Мухьэмэд зыхэта дунейр Iыхьитlу гуэшауэ щытащ. ИщхьэкIэ зи гугъу сщIа дадэ-нанэхэм я бжьыщIэщIар зы Iыхьэщ, етIуанэр - зэманыщIэм хича лъэбакъуэгъэщ, абы хуищIа хэлъхьэныгъэщ.

Къыпым и лэжьыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар и хьэлщэнщр сурэткIэ къэгъэлъэгъуэныр. Абы и сурэтхэр нэхъыбэ Iейкlэ бгъэшынкIэ сфIэщыуагъэщ. КъыбгуыуэнкIэ нэхъ тынщ гупсысэкIэм тету ищIащ, адрейхэми кьахощ «Къаплъэныфэ зытелъ зауэлI» поэмэр зэриГъэдэха сурэтхэр.

Къып Мухьэмэд зэфIэкI ин иIащ икIи, сэ сызэрелъымкIэ, абы и зэфIэкIым гъунэ ирилъа къудейт. ЩхьэусыгуэкIэ и нэхъыщIэр ар зыхэпсэукIа зэманыр.

ЦРЫМ Руслан, *сурэтыщI.*

ЗэфIэкI зиIэт

Мухьэмэд си ныбжьэгъу къудейкъым, си къэушу щытащ. Си анэшхуэм къуэ ищIат ар.

МОСКВА дыщыщеджэ лъэхъэнэм тхылъ зэпэубыда гуэрхэр къэзгъэгугъэ седжэрти, Мухьэмэд зыхуэзгъэщIагъуэу жесIэжмэ, ар абы еджагъэхэу къыщIэкIырт. Мухьэмэд Алыхым и нэфI зыщыхуахэм ящыщт. Сурэтыщ1 Iэщ1агъэр къыхимыхами, абы и акъылыфIагъымрэ и зэфIэкIымкIэ сытеуфIынут. АпхуэдизкIэ зэфIэкIыбзити.

Еуэри, гуп дыхэсу, тхьэгурымагъэу гуэр дрихьэлIат. Абы Мухьэмэд щхьэкIэ жиIат псалъэхэр щщыгъупщэркым. «Уи псэм гъащIэ куэд кьигъэщIащи, аращ апхуэдэу губзыгъэ, зэфIэкI уиIэу ущIэхъуар. Уи щыпэ кьытехьэкъым мы дунейм, щIалI», - къыжриIауэ щытат. Нобэми згъэщIагъэу сигу кьокIыж ар.

Лжьыгъэми гъащIами теухуауэ куэдрэ сэбэп къыслухэхъуащ Мухьэмэд. Абы семычэнджэщауэ си зы сурэт дунейм кьытезгъэкIыжэтэкъым.

Иджыри нэхъ пасэм гъэтым тхыгъэ гуэр кьытригъэзаат, нэхъ зэщIыгъуэ хъунущ сурэтыщIхэм я щIэ кьырбжэкIэм сысейри хэту кьриIуат. Зыуэ си гуапэ хъуати!

«Уэ плъэгъуакъэ дыкъыздекIуэкIыкIу дяку делагъэ, икIагъэ зэрыдэмыльар. ГъащIэр фIыуэ кьэдгъэщIащ», - кьыжиIат зэгуэрым. Пэжу, ныбжьэгъугъэ дахэ дяку дэльащ.

«Зауэ зэгуэр къызэрыхъунур хъекъыщ, ауэ ар ди зэманым, ди кьару илъыгъуэу дэ кьыштпысамэ арат, ди бынхэм кьалъымысу», - кьыжиIат, хэгупсысыхьауэ зэдэщIысым. Апхуэдэ зигу кьэкIынур, щхьэузыхь зищIыну пабгъэнур мащIэщ.

ЦIыху кьызэрымыкIуэ жьхуэIэхэм хуэдэт Мукьымэд. КьыззэрыгуэкI гупсысэкIэ абы зэи иIакъым, дапщэщи еплъыкIэ щIэщIагъуэ, зыми емыщхь кьыхилътхьэфат. ГушыIэшхуэ хэлъащ. Хьэлупэ Джабрэлийрэ Мухьэмэдрэ зэрихьэлIамэ, зэхъурджжаэрт, псалъэ зэпэдзыкIэ зэдзэгушIэрт. ЩIагъыбзэу абы-кIуэн, ар здынэса лъагаIэм нэсын щымыIэу кьысщохьу.

Мухьэмэд ныбжьэгъу и куэдт, и бжэр псоми яхуэзIухат, езыри псоми гуфIэжу пежьэрт.

«Нарт» эпосыр гукIэ ищIэрт. Егъэлеяуэ гурыхуэт. Илъэс 20 и пэкIэ итауэ щыта псалъэр ищIэжырт. БлэкI пэтрэ тхылъымпIэ кIапэм трищIа сурэтыр - искусствэ.

Сыт и уасэ Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлI» тхыгъэ щIэрыIуэм абы хуищIа сурэтхэр?!

Пэжщ, Мухьэмэд и цIэр ди щIыналъэм щагъэлъапIэ икIи ящыгъупщэркъым, ауэ абы хуэфащэ увыпIэ дунейпсо гъуазджэм зэгуэр щиубыдыну сыщогугъ. Сыт щхьэкIэ жиIэмэ, абы и Iэужь дахэр пхуэзгъэпщкIунухэм ящыщкъым.

Нобэрей махуэкIэ Мухьэмэд ныбжьэгъуэ? - жыIэмэ, шэчыншэу дыхуэныкъуэщ!

ЖЫЛЭ Анатолэ, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI.*

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Хьэршымрэ къафэмрэ

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкIэ музеймра КъБР-м и Лъэпкъ музеймра мы махуэхэм щагъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщ1 Пащт-Хьан (Пащты) Алим и Iэдакъэщ1экI лэжьыгъэхэр. КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ музеитIыжрэ къызэрагъэпэща гъэлъэгуэныгъэр хуэгъэпсащ абы и ныбжьыр мы гъэм илъэс 50 зэрырикъуам. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхущ1афэмкIэ и музейм утыку къыщIихьар «Къафэ», «Трансформация» Iуэхухэм къызэщIиубыдэ лэжьыгъэхэрщ, етIуанэм щыплъагъур «Перемещение» фIэщыгъэм щIэту хьэрщым епхьэлIэ хъунуэрщ.

ЛЪЭПКЪ музейм и пэшым гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къыщыззэIуахащ гъэлъэгъуэныгъэр. Абы зыкъраГъэхьэлIат ди республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ, Алим и гущIэм дихьэхэр, Пащтыкъ я благъэхэмрэ Iыхьлъэмрэ. Музейм и тхьэмадэ **Накуэ Феликс** япэу къэпсэлъапIэр хуит хуищIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

- Пащт-Хьан Алим и хьэрш-дунейм хэплъэ дэтхэнэ зы цIыхуми абы къыщIигъэтынущ и псэм щыщ Iыхьэ. ГъащIэм и дахагъэ, и фIыпIэр къыфхуэзIуэпхыну лэжьыгъэ нэхъыщхьэ дэтхэнэ зыми къэгъэтыну си гуапэщ, - жиIащ абы, икIи адэкIэ кьеджащ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм кьикIа хъуэхъу телеграммэхэм.

- Си гуапэщ псалъэ жысIэну Iэмал сызэриIэр, - къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**. - КъыпхуэмылъытэнкI хуэдизщ. Пащтыкъ я унагъэр тхыдэ мыпкъуу дэ къыззырыдэтэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралгъуэр илъэси 100 щIикIым ирихьэлIэу Герман ди республикэм тыгъэ къыхуищIащ и Iэдакъэщ1экIыкIу 1100-рэ, ар ди дежкIэ фIыгъэшхэущ. И адэм кьилэжь фIыщIэм зыкIи емыфсрэгъэкIщ къуэм ейри. Абы хуэзфIэкIащ Герман и жьауэм щIэмыту, езым и хьэтI, и дуней еплъыкIэ щхьэхуэ, и лэжьэкIэ зэрилъэпэщыжьэн. Зэадзэхъуэм сызрагъэгупсысараш; зэманкуэд дэмыкIыу дэ псори дышыгъуфIыкIынущ Пащтыкъ Германрэ Алимрэ щылэжьа лIэщIыгъуэм, зэманым дыззэрыхалъхуам. ЛIэужьыр идкьыри бжьыблкIэ уэну Тхьэм жиIэ!

Германрэ Алимрэ я гущIэм, абыхэм лъэпкъым къыхуахъ гуфIэгъэцэрэ дзрэжэгъуэмрэ, гушхуэныгъэмрэ гухэхъуэмрэ, сабийжэм я гъэсэныгъэм ехьэлIауэ абы я гущIэм иIэ мыкъэнэм уасэ зэрыхъущIыкIыгъуэм, нэгъэщIущ я гуГъу ящIу зэIуцIам къыщыщIэпсалъащ. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ республикэм и министр **Езауэ Анзор**, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитныгъэр хуэмэнымкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгуэхэныгъэм и унафэщI **Къанокъуэ Жаннэ**, Урысейм и офицерхэу запасым щыIэхэм я «Мегалир» ассоциацием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Атаев Жашарбек** (Самарэ областым къыбгъэдэкIыу Алим къритыжащ «ЦIыхухэм къулыкъу зэрахуищIэм папщIэ» дамыгъэр). И щIалэм къыхуащIа пщIэм папщIэ, Пащты лъэпкъым, я гущIэгъэм къабгъэдэкIыу гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIащ Алим и адэ, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Художественнэ Урысей Академием и академик, профессор **Пащты Герман**.

Краснорск къэрал художественнэ институтыр къуихыу Художественнэ Урысей Академием и творческэ мастерскэм зыщигъэса иужь, Алим ирагъэблэгъауэ щытащ Германием и Галле къалэм дэт «Burg Giebichenstein» художественнэ академием. Абы и аспирантурэу щы (графикэмкIэ, скульптурэмкIэ, медиа-арт унэтIыныгъэмкIэ) къиуващ. Алим дунейпсо зэхъэзэхуэ, гъэлъэгъуэныгъэ зэхуэдэ я лаугъэратщ. Сурэтыщ1ыр хуэлэжьакIуэщ гъуазджэм и лIэужьыгъуэ, и Iэмал Iэджэм, псалъэм и хьэтыркIэ графикэм, скульптурэм, медиа-артым, анимацэм, видеоинсталляцэм.

ЯлъагъуэкIэ зэрафIэтелъыджэр я нэгум къыбджьыкIыу набдзэгубдзапIэт пэшым щIэт цIыхухэр. ПлъагъуэкIэ?! Телевизор экраным къытоуIэ Iэпщ1эпащ1эм и Iэдакъэщ1экIэр къызэрихъуэ, къызэрыпэкуэр. Адэкlэ уокIуэри, болъагъу хъэпщхупщэр, минералхэр, къырхэр, фIамащIкIэ щIа сурэтхэр, кобальтрэ дыщэкIэ гъэщIэрэщIа, фарфорым къыхэщIыкIа лэжьыгъэхэр.

Пэшым щIэтщ дунейм щынэхъ ин дыдэ ваззу Алим и Iэдакъэм къыщIэкIар зэрызэхэт Iыхьэхэр (модулхэр). Метрий зи лъагагъ я скульптурэ лэжьыгъэр модуль кудзыщIу зэхэтщ икIи ар и дамыгъэщ гъащIэм щIым зэрызыщIужьым. И лъабжьэ дыдэм щегъэжьауэ модулхэм я кIуэщIым микробхэм, хъэпщхупщэм, псэущхьэхэм, н. къ. я сурэтхэр итурэ и папщIапIэр хьэршым хуокIуэж. Абы и къэгъэщIыгъэр, и щIыкIэ хъуар, щIыплъагъкIэ уи гущIэм къыщигъэуш гупсысэкIэр и лъабжьэу Алим триха фильм кIэщIри щигъэлъэгъуащ зэIущIэм, ди нэгу щIэкIэгъэр къыдгурыгъэIуэрэ.

Пащты Алим къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я къыщыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэмрэ къыфIащ щIыкIыщIэкIэмрэ куэд дыдэ мэхъу. Псалъэм и хьэтыркIэ, Художественнэ Урысей Академием и дыщэ, дыжьын медалхэр къратащ. Абы и Iэдакъэщ1экIэм пщIэшхуэ щаIащ дэнэ щIыпIи, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа «Арура» фарфор ваззр Германием и «Пёйхтенбург» музейм щахъыжэ, абы щхьэкIэ тэш щхьэхуэ а Iуэхущ1апIэм къыпащIыхьауэ. Хьэмэрэ Налшык и Хьэтlохъущ1кьуейм и жыг хадэм ит «Звездный камень» скульптурэр-щэ?! Ар гранитым кьэхэщIыкIащ, и хьэлъэгъыр тонн 40 мэхъу. «Унагъуэ» фIэщыгъэм къызыщIригъэубыдэу ищIа фарфор лэжьыгъэхэм Корее Илпщэм щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэ-гъэлъэгъуэныгъэм дыжьын медалыр къыщыхуагъэфэщагъэу щытащ икIи ахэр а къэралым и Илхон къалэм дэт фарфор музейм щахъумэ. Германием и зы заводым и унафэщIым и лъэIыкIэ абы фарфор кумбыгъэхэр ищIащи, цIыхухэм ящэхун хуэдэуи куэду къыщIагъэкI. Дэтхэнэр жьипIэн, сыт хуэдэ Iуэху пэрыхьэми, сыт хуэдэ щIэныгъэ зригъэгъуэтыну яужь ихьэми, сытыми дежи апэ итуеса адыгэщIалэм къыщIэрыхьи къыпеуи гъуэтыгъуейщ. И псэм хэлъым хилъафэу фIыуэ илъагъу, «си пIьахэ» жиIэу зэрыпагэ и Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджыри куэдрэ езы Пащт-Хьанкlэ гушхуэну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



И кIыхьагъымкIэкъым, атIэ и кууагъымкIэщ

Сэ си цIыхугъэу, си ныбжьэгъуу щыта куэд дунейм ехыжащ. Абыхэм ящыщу нэхъ сигу кьынэжахэм ящыщщ Къып Мухьэмэд.

АБы ЖИЭРЕЙТ: «Уэлэхьэ гупым зыкъыбдрагъэкIынукъым, уэ задебгъэкIун хуейщ». Лжььа-Iэпэм зыгуэркIэ сыщызэгуэпхэм я дех, а псалъэхэр сигу кьэкIыжырти, зыс-щыIэрт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ и сэбэп ясIызэкIащ. Езым нэхъ кьезэгъыр «Гупыр зыгъэгупыр гуп и уасэщ» - псэпъафэрт. Мухьэмэд нэхъыжьхэмэ нэхъыщIэхэми яхэзагъэрт, ахэр кьиГъэдэIуэфырт. Куэдым куууэ хищIыкIырти, уепсэлъэну гъэщIэгъэнымщIэт, жиIэхэри щэн кьытумыхьэжыну зэрыпэкри хьэкъ пщищIыфырт.

Иджыпсту хуэдэу сощIэж Къыпым балетым щхьэкIэ жиIар: «Дэ дызыхуэныкъуэр адыгэ балеткъым. Зэчий зыбгъэдэIуа щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр зрахьэлIэн хуейр арамэ, атIэ ди лъэпкъ гупысэр зэпхыныр, пхыдгъэкIынырщ, итIанэщ кьыдэпIэхэр кьыщыдэтхьэхьыфынур.

Зэи цIыхур зэхэгъэжащIыртэкъым, кьулыкъущIэщхьэхэр зыхэпсэукIын ЩнатIэ кьэзыльхьэу уэрамым дэтри и зэхуэдэт. Ар я гуапэ хъуртэкъым ищхьэкIэ щыIэхэм, ауэ ящхьырт. Псом хуэмыдэу кьызэрыхуэмыарзэщр абыхэм зэрадемыжьырт. Республикэм и Сурэтыщ1хэм я зэгуэхэныгъэм и тхьэмадэу лажьэу зэгуэр шхыдэу срихьэлIащ. «Фи Зэгуэхэныгъэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэр кьыщыбгъэтIэсхъащ», - жиIэри сагъэкъуэншащ. Сэ жысIащ зэрредмыгъэкIуэкIыххэр, ар ди кьалэнхэми зэрыхэмыхьэр. Дапщэщу пIэрэ мыбыхэм я гупсысэкIэр щызэханыпур?»

Ауэ езым и гъащIэр зы зэман гъэсэныгъэ Iэхъуи щыIауэ кьыщIащ. Зи гугъу сщIыр «Нур» сабий журналым сурэтхэмкIэ и редактору щыIэжа илъэсхэрщ. СощIэж, адыгэбзэкIи балъкъэрыбзэкIи ар кьызэрыдэкIынур щыжеIэм, хуабжьу гуфIауэ икIи кьэпIейтеяуэ зэрыщытар.

- Я гъэхъыбару ара, хьэмэрэ пэж? - кьызэупщIыжащ Мухьэмэд.

- Унафэр пщдэй газетхэм тетынущ.

- ДымыщIэхъэу лажьыгъэшхуэ кьытлъыкъуэкIащ.

- СлIожь, лажьэлIэ уувынуару ара? - сигу кьэкIащ занщIэу.

- Ара Iэхъур здэщыIэр? ЗэгъащIэ, сабий журналыр IэхъуэгъуэтегъэкIи. Журналыр дыззэгъусэу зэфIэдгъэувэн хуейщ.

Апхуэдэт Къыпыр: Гъуазджэм егъэщIылIа псори езым и щхьэ Iуэхуу кьилъытэрт.

Зэрыжиlауи хъуащ: журналым кIуа Мухьэмэд ар гъэхьэзырыным иришэлIащ сурэтыщ1 зыкъом, ауэ нэхъ лэжьыгъэ гугъур зыщIар езыращ. Я щIыкIэ «Нур», «Нюр» журналхэр зы редакцэу щытти, ар лъэпкъитIми яхуэлажьащ, зэфIэзыгъэуварэ араш.

ИтIани, зэман кьыгъэтырт цIыхухэм яхэтыну. Мухьэмэд сыт щыгъуи кьепщIэкIат Iэпщэ къарукIэ лажьэхэри, артистхэри, композиторхэри, усакIуэхэри, журналистхэри. Дэтхэнэми кьалъытэрт ар езым и ныбжьэгъуу.

Дунейм ехыжа иужькIи а цIыху дахэр гъэсэныгъэ Iэнатlэм епхауэ хъэнащ. Абы и цIэр зэрехьэ Гъуазджэхэмкlэ щколым, езыр кьыщалъхуа икIи щыщIалъхьэжа Къулъкъущхэм Ищхьэрэ дэтым.

ШАЛ Мухьэмэд, *КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

ЖиIэнум псори пэплъэрт

Си анэ дэлъху Гъэтыж Мухьэмэдрэ Къыпымрэ зэныбжьэгъушхуэу щытащ. Мухьэмэд Сурэтыщ1эм я зэгуэхэныгъэм сыщыхьыхьэнум къыздэIэпыкъуат. Ар сигу къызэринэжар цIыху щхьэхуиту, шынэ имыщIэу, здэщыIэ щIыпIэм, зыхэт гупым емыльытаэу, езым жиIэн хуейуэ къильытэр жиIэуц.

МУХЬЭМЭД тхьэмыщкIэр зэрыщымыIэжра гъэлъэгъуэныгъэхэр зэшыгъуэ мэхъу. Абы жиIэнум псори ежьэрт, пэплъэрт, уеблэмэ абы папщIэ гъэлъэгъуэныгъэм кьакIэри мащIэтэкъым. Куэду дыхуэныкъуэщ.

Къып Мухьэмэд псэуху нэхъыбэу зэращIыхьуар и псалъэщ. Дунейм ехыжу и Iэдакъэщ1экI псори утыку кьрахьа иужькIи абы и зэфIэкIым и инагъыр псоми кьащIыгурыIуар.

Тщыгъупщэнукъым. Дыхуэарэзыщ.

ГЪУЩIАПЩЭ Арсен, *скульптор.*

Дыхуэныкъуэщ

Къып Мухьэмэд дунейм щехьэжа сурэтыщI гъуазджэм апхуэдизкIэ хэщIыныгъэшхуэ игъуэтауэ къэслъэтэрти, щIэх зимыужьыжьну кьысщыхьэрт.

АБы ТЕУХХУАУЭ «Утепсэлъыхьыну гугъущ, зыщыбгъэгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым» фIэщыгъэм щIэт тхылъэ газетым кьытездзауэ щытащ. Ильэс куэд щIауэ гъуазджэм сыхэтщи, Мухьэмэд хуэдэу нэ жанкIэ абы пхыпIыфэ зыщIыпIи сыщрихьэлIакъым. Абы гъуазджэм и лъэныкъуэ псори апхуэдизкIэ хууэ зыхихщIэрт, зыхищIыкIырти, пхущIыгъэнутэкъым. ЦIыху жьакIуэт Мухьэмэд. Гъэлъэгъуэныгъэ щIIэху (ар зейм емылъытауэ) екIуалIэрт. Псори къэпсэлъа иужь, Мухьэмэд и дежкIэ кьаплъэрт абы щIэтхэр, ящIэрт мыхьэнэ зиIэ зэрыжиIэнур. ИкIи пэкт. Абы хуэзфIэкIырт игу ирихьымрэ иримыхьымрэ уи жагъуэ кьымыщIу, уигу иримыуду кьыбжиIэн. Сэ сызэрелъпIымкIэ, уи Iэдакъэщ1экIым теухуауэ пэжыр кьызэрыбжаIэм уигъэпудыр-кьым, узыгъэпудыр а пэжыр кьыбгурымыIуэну кьащыхьуу ябзыщIмэщ. Мухьэмэд псалъэм ириджэргъэкIым.

Еуэри, «ЦIыху зэхэуплъеихьа» фIэщыгъэм щIэту выставкэ цIыкIу сщIат, пIыр сыткIэ щхьэпэ, сэ езым хуабжьу сигу ирихьыкьырт, кьызэхъулауи кьысщыхьурт. Арати, абы ирихьэлIэу, Мухьэмэд автобус кьэуваIэпIэм сыщрихьэлIауэ сэлам зэтха иужь, «Это не наша эстетика», - кьызжиIат. Аращ кьызжиIар зэрыхъуари, ауэ сэ куэдрэ сегупсысащ а псалъэ зыбжанэм. Акъыл кьызыхъэхынт!

Къэрэндащкlэ сурэт щIынымкIэ Мухьэмэд кьытехьэм ямыщIэ укIуэдыж, жьхуиIэрат. Мухьэмэд сурэт Iэзэу зэрищIыр куэдым ящIэми, абы ести ихъуу зэрыщытам щыгъуаэзэр мащIэ дыдэщ.

Мухьэмэд дунейм ехыжа иужь, и Iэдакъэщ1экIэр зэхэдзри, абыхэм ящыщ щыгъэхуэхъэса сурэтыщ1э кьыдэдгъэкIауэ щытащ.

«Все равно я буду знаменит, такие у меня друзья» - Мухьэмэд и жьIэгъуэ сугу кьынэжауэ щытащ. Ар щыжиIам кьызэгурыуатэкъым, зэманыр кIуэри псори сэркIэ Iуищ1 хъуауэ аращ.

Сытепсэлъыхьын хуей щыхъукIэ, блэкIа зэманым и гугъу сщIыми, сыщыгупсысэкIэ Мухьэмэд блэкIа зэманым ити зэи си нэгу кьыхэхущIэгъэхьэркъым. Абы кьипсэуа гъащIэм и сыхьэт, махуэ кьэс лъагъунэгъэкIэ, ныбжьэгъугъэкIэ, лэжьыгъэкIэ гъэнщIагъэ щытащ. Езым и сурэтыщ1 зэфIэкIкIэм псынщIэу, улъыщIэмыхьэу зауэжьыгъ. Абы къипсэуамрэ творчествэм хуиIа бгъэдыхьэкIэмкIэ щэнхабзэ дунейм езым и увыпIэ лъагэ щIубыдыжащ. Сэ сызэрелъпIымкIэ, Къыпым езым и сурэт щIыкIэ, хъэтI жьпIэми кьыгъэтыжат.

А сурэтыщ1 Iэзэр зэи яужь итакъым закъыжьгъэщхьэхуклIыну, и зэфIэкI кьыхигъэщыну.

Абы щIыхьэт тохъуэ ар дунейм щехьэжам къэралым кьыхуэфэща зы щIэ лъапIи зэримыIар. Ауэ щыхьуукIи, абы республикэм и гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр кьыпхуэмылытэн хуэдизщ.

Дапхуэдизрэ си ныбжьэгъуи сытепсэлъыхьыми, мащIэщ. Абыкlэ нэсу кьыззэгъэщIыхуфыныкъым ар зыхуэдар. Иужьрейуэ дызытепсэлъыхьар и гъэлъэгъуэныгъэ дгъэхьэзырыр арат. Псори хьэзырт, ауэ езым ар илъагъуну ихатэкъым...

ГъащIэм и хабзэр араща, тIихар зэи кьыдитыжыркъым, ауэ абы тIимыхьфи щыIэщ, ар ди гукъэкIыж дызыхэсхэщ, ухуейуэрамэ, дызыкъэсхэщ.

БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Заурбэч, *КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI.*

Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлI» поэмэ цIэрыIуэмрэ Щоджэнщыкlу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романымрэ яхуищIа сурэтхэм щыщщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Дыгъэгъазэм и 1-р зэхэдиІалъэщ

Дэ десэжащ уасэхэр зэрыдэкІуейм. Хэбгъэзыхьмэ, ар хэмыту дымыпсэужыфыну къыщыдгъуэ. Икіи ар зыкІи елъытакъым дунейм щыщыІэ щытыкІэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, щІыбдагъэр нэхъ лъапІэ щыхъумэ, ди дежи бензиныр щыдэуеинущ - нэхъ пуду къыдащэным я фейдэ хэлъкъым, уасэхэр щехуэхмэ, компаниехэм ягъуэт хэщыныгъэхэр ди деж къыщыдахьыжьи хуейщи, аргуэрыжьу къиІэтыну - компаниехэр хилъафэ хъунукъым. Ар аращ. Ауэ щыІэщ щыхагъахъуэм и щхьэусыгуэр къыщыдгурымыІуи. Сыт, ккъащтэмэ, унагъуэ Іуэхутхьабзэхэм я уасэхэр щІэхщІэхьыурэ щІыдрагъэкІуейр? Абы щыгъуэми гу лъытэркъым улахуэхэм зыгуэркІэ заІэтауэ. Апхуэдэу щыщыкІэ, ди жьыпхэм нэхъ куууэ къиІэбэу аращ.

УФ-м и Правительствэм щыжаІащ дыгъэгъазэм и 1-м къыщыщІэдзауэ къэрал псом унагъуэ Іуэхутхьабзэхэр процентиз 9-кІэ нэхъ лъапІэ зэрыщыхъунур, ауэ дыкъаГъэгугъэ итІанэ илъэсрэ мазихрэ дэкІыукІэ уасэхэм хамыгъэхъуну. Иджы къыкІэлъыкІуэу ахэр къаІэтыну я мурадщ 2024 гъэм бадзэуэгугъэм и 1-м (фигу къэдгъэкІыжинщи, мы гъэм и бадзэуэгъуэми хагъэхъуауэ щытащ). Арщхьэкіэ, Іэщіагъэлэхэм зэрыжаІэщи, апхуэдизи пІалъэкІэ уасэхэр я пІэ итыным ущыгугъынныр щхьэгъэпцІажщ. 2023 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ урысей куэдым ят уасэм аргуэру хущІагъунущ. Псалъэм и хьэтыркІэ, хэхъуэнущ псэупІэр зэрапІэгъым щІатым. Ауэ абдежми щиухыркъым. Мис а щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ капремонтым папщІэ ахъшэ нэхъыбэ Іахынущ.

Ар зыхуэдизынур зэпытар зыщыщ щыналъэрщ. Къапщтэмэ, Свердлов областым зы псэупІэ метр зэбгъуэзнатІэм хуэзэр иджырей сом 10,51-м икІынурэ сом 14,81-м щынэсынущ, Калугэ областым процент 15-кІэ щыхэхъуэнущ. Уасэхэр зыгъэувыр щыналъэм и Іэтащхьэрщ.

Щхьэтечу жьпІэмэ, дыгъэгъазэм и 1-м щыщІэдзауэ нэхъыбэ щІатынущ унэр зэрагъэпІыным, псы пщтыкІыным, щІылэмрэ, псы фІейр зэрыльадэ кІэнауэм, газым, электрокъарум, пхъэнкІийхэр зэрыгуэшынмэ...

Мис апхуэдизэ тыгъэхэр тхуагъэхьэзыращ къулыкъущІэхэм.

Сталинград и деж

● Ар зэрыщытар

Дыгъэгъазэм илъэс 80 ирокъу етІуанэ дунейпсо зауэм щынэхъ ин дыдэу щыта Сталинград зэхэуэр ди текІуэныгъэкІэ зэрыкІуэр. Абы апхуэдизу куэд тракъыльхьащи, къэнэжа щыІэ хуэдэкъым, ауэ зэманыр кІуэтэхукІэ, дызыщымыгъуаэз къыкъуокІ. Ар тхыдэм и хабзэщ.

КъыщыщІэддэзнщ зэпэщІатныныгъэ и лъэныкъуэкІэ апэщыкІэ Сталинград зы мыхьэнэ хэха гуэри иІэу зэрыщымытам.

Псом япэр щІыдагъэрщ...

Гитлер и мурадар нэгуэщІт. Кавказ Ищхъэрэмрэ (Грозный, Мейкъуапэ) Кавказ ЩІыбымрэ я щІыдагъэ къыщІэшыпІэхэр яубыдынырт. 1942 гъэм и гъатхэм зэхалъхьа «Блиц» пиІанэ ипкъ иткІэ, Гот Герман зи унафэщІ 4-нэ танк армэр я гъусэу, нэмыцэ дивизэ хэпІыхьахэм а къалэнхэр зрагъэхъуІэн хуейт. Пэжщ, я щІыкІэ лъэпощхьэпо закъуэтІакъуэхэми хуэзэнрт, арщхьэкІэ ахэр бэлыхьышхуэтэхьым, къаруушуи зытекІуэдэнхэм яІщыщІэкъым: «Езы Сталинград нэсын хуейщ е артиллерие лъэщхэр къагъэсэбэнурэ а къалэр зыкІи сэбэп яхуэмыихъужьыфын щІын хуейщ». Мурадыр инт. Гитлер жиІат: «Грозныр и щІыдагъэ-щхьэ Баку и бензиныбгъэ симыІэмэ, сэ зауэр згъэувІэн хуейуэ къыщІэкІынущ». Арат нэхъыщхьэр, Сталинград сытым щыщт... Дауи, а щІыдагъэ къыщІэшыпІэхэр вермахтым иубыдамэ, Іуэхур егъэлеяуэ хэпІыгъуэ хуьнут: Грозныр-хъэр къыдэмэщІэкІынут, ди къарум хущІынут, зэрыпхъуэкІуэхэр нэхъри кІыгъуплІэнут.

Ди насыпти, псори нэгуэщІу къыщІэкІащ. Ар лъэныкъуитІми я фІыгъэщ: Совет штаб нэхъыщхьэм зэхэпхьа «Уран» планымрэ Гитлер и щыуагъэмрэ. КъыщыщІэддэзнщ етІуанэм. Нэмыцэ лъэпкъым и уэзщІакІуэ фюрерым дзэ гупхэм я «Ипщэ» зэрыхьэныгъэр тІууэ зэкІэщІигъэкІащ: япэм и пІалъэр Кавказыгъэ, адрейр Сталинград кьеуащ. Ауэ, нАІуэу зэрыщытщи, тхьэкІумэкІыхьитІзэуэ къыпхуэзыбыдынукъым, хъарбызитІи зы Іэкіэ пхуэІыгъынукъым. Биим ар къыщыгурыІуар иужькІэщ. ГупитІми и кІэм нэсу зэхакъутэфрагъэкІуэ тыдзэхэр. Тэн и дежи щызэуахэр, ипІанэ Іуэхум кьыхашащ генерал Гот зи Іэтащхьэ танк армэр. Иджы дуней псом и гулъытэр зыхуэгъэзар Сталинградт.

Шэч къытрахьэртэкъым

Вермахтым шэч гуэри къытрихьэртэкъым и кІэнкір къыщрикІынум. Ари пІалъэ кІэщІкІэ. Нэмыщхэр Индыл и Іуфэ кІуат Іэщхьэ пщІанэу, нэжэгужэу, гъэшІэжэу. Абыхэм я кІэ къыпхущІэгъэхьэнутэкъым къыщІэпхьэ хуьнут: Іэщхьэ жьыхьэрэр зыхуэдэр. Ауэ ар жьыжьтэкъым. Зэманыр кІуэрт, лъэныкъуэхэм зэуапІэм къаруущІэхэр кьрашалІэрт. Мыгувэу гурыІуэгъуэ хуауэ дыдейхэм Сталинград зэрамытнур. Ауэ нацистхэм ар кьаштэн хуейт, сыт трагъэкІуадэми: арыншамэ, я напэр текІыт (дауи, ар абыхэм яІэу щытмэ). Абы щыгъуэм щыІа щытыкІэр вермахтым и зауэлІхэм езыхэм я Іыхьлыхэм хуатха письмохэм яхьболъагъуэ. Мис абыхэм ящыІа зыр: «Зы тхьэмахуэкІэ дызэуа иужь къэтщтащ къаІапщтэмэ, Свердлов областым зы псэупІэ метр зэбгъуэзнатІэм хуэзэр иджырей сом 10,51-м икІынурэ сом 14,81-м щынэсынущ, Калугэ областым процент 15-кІэ щыхэхъуэнущ. Уасэхэр зыгъэувыр щыналъэм и Іэтащхьэрщ.

Щхьэтечу жьпІэмэ, дыгъэгъазэм и 1-м щыщІэдзауэ нэхъыбэ щІатынущ унэр зэрагъэпІым, псы пщтыкІым, щІылэмрэ, псы фІейр зэрыльадэ кІэнауэм, газым, электрокъарум, пхъэнкІийхэр зэрыгуэшынмэ...

Мис апхуэдизэ тыгъэхэр тхуагъэхьэзыращ къулыкъущІэхэм.

фэтэрым и пэшитІым ящыщ зыр. Ауэ адрейхэр къыдатырхьым». Дауи, ауан дыджщ, арщхьэкІэ пэж хэлъщ. Мис нэгуэщІи: «Иужь зэманым псом нэхърэ нэхъ дызыгъэгуэзэр щІэхэрщ. Ахэр апхуэдизу хьэтегуэплІащи, дапэльэщыжыркъым. Іэбжьанэ заущІэщ си щІыфэр: Сэ «здэнт нэхъ щІэхьІуэу сылІэу мис а жьыхьэрмэ дыдэм сыкІуэну».

Биим Сталинград къыщтэн папщІэ зэпымыууэ къару нэхъыбэ ирихьэлІэн хуей хъурт. АпщІондэхэр нэхъ тынш хъурт Гитлер Кавказым и щыдагъэ къыщІэшыпІэхэм къыльэмыІэсыным теууэ къалэнкір ягъэзэщІэнкір. ИкІэм-икІэжьым арат мурад нэхъыщхьэр зыхуэгъэзар. Езы къалэмэ фашистхэм я къарур щыщІэкІырт. Совет дзэзешэхэр иджы зэгупсысыр Сталинград ямытын къудейрэ-къым, атІэ нэмыщІдзэхэр абы и деж щызэхэхьутэныр. Ар зрагъэхъуІэн папщІэ Индыл и Іуфэ сэмэгум жащи махуи ирашалІэрт сэлэтхэр, танкхэр, топхэр, н.къ. ЕбГъэрыкІуэным зыхуагъэхьэзырт мыпІащІэу, псори зэпэщэчауэ.

Арати, 1942 гъэм щэкІуэгъэуэм и 19-р къэсащ. А махуэм дуней псом ирагъэлъэгъащ зэуэкІэм и Іэмалыщ1э. ЕбГъэрыкІуэным и пэкІэ биим и хэщІапІэхэм топышэхэр уэрэ трагъэльэпІэ хабзэт, итІанэт мыдрейхэм зыщрачыр, арщхьэкІэ танкхэр ежьа иужькІи топ зэхэуэр иухьих увыІакъым, абыхэм быдапІэхэр щым щыщ ящыкьырт. Ар Жуков Георгий я пашэу ди дзэзешэхэм щІэуэ я къагупсысат. ЕхъулІэныгъэхэми куэдрэ зыгъэпІпІакъым. Апхуэдэ щыкІэкІэ щІидзащ «Уран» Іуэхум и япэ Іыхьэр. ЩІэкІуэгъуэм и 23-м Калач къалэм километр 18-кІэ пэгъунэгъуэ зыщыщІапащІащ Сталинград, Ипщэ-Къухьэпэ фронтхэм. «Мащэм» къихутащ вермахтым и зауэлІ мин 330-рэ! Фигу къэдгъэкІжьыщи, иджы илъэс къэс щэкІуэгъуэм и 19-р ягъэльапІэ Ракетадзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэу.

И кІэм нэгъэсын

Арщхьэкіэ... Гитлер къаухьуреихьахэм ткІийуэ унафэ ящхуищІащ замытыну, къигъэгугъащ уэрдыхьэр зэпхратхьэн щхьэкІэ къадэІэпыкъуну. Абы Сталинград и деж щызэуэхэр лІыхьужу кьилъытащ, я унафэщІ Паулюс фельдмаршал ищІащ. АрщхьэкІэ къызэригъэгугъаэхэр хуэгъэзэщІакъым, нэхъ тэмэму жьпІэмэ, ди дзэхэм игъэзэщІэну Іэмал гуэри иратакъым. Лыгъэм къыхэутахэм я кьарур щІэкІырт цІыхухІи Іэщхьэкі. ИкІи куэдрэ яхуэхьажакъым, фельдмаршалым и дамэтелъхэр зытрилъхьэну хуэмыюа Паулюс дыдэм и унафэкІэ зыкьатащ. Гъэр хъуащ зэуэ цІыху минищэм щІигъу. Ар Берлин и дежкІэ уи нэгу кьыпхущІэмыгъэхьэн хэщІыныгъэшхуэт. Ауэ ди дежкІэ а текІуэныгъэм и мыхьэнэр гъунапкъэнщэт. Ди цІыхухэми пщылЫпІэм ирагъэува нэгъэщІ лъэпкъэхми хьэкъ ящыхьуащ дуней псор кьаззуну кьежьа фашистхэм кІэ зэрагъуэтынур, дяпэкІэ зауэм и екІуэкІыжьэ зыунэтІынур Совет Союзыр зэрыарар. Абы куэд трилъхьащи, кІыхь зедмыгъэщІми хъуну къыщІэкІынщ.

Мыдэкіэ дыкъэІэбэжьнщи, СССР-м зыпэмпІпІа гуГъуехь къыпльыхьэІащ. Зи гугъу тщІыр кьиІуэту еса дыдейхэм Іэрохэр (Іаратэм, нэхъапэм фэмэхэр гъэр кьащІырт, арщхьэкІэ ауэ жьыжьэуи апхуэдизу бжыгъэкІэтэхьым) зыхуей хуэгъэзэным пыщІахэрщ.

Нэхъыщхьэр гъэрхэр щаІыгъыну щыпІэм ахэр нэхъэрагъэсыну транспорт я зэманым Дзэ Плъыжьым зэримыІэрт. Къахуэнэжар дзэ ирашэжьнырщ. Градус 20-м нэс щІыІэм хэту километр 20 зи кІыхьагъ гъуэгуанэр яхуэшэчакъым щыгъын хуабэ зыщымыгъ щІыхь ныбджэ ящІащ. Ауэ зэпызычыфахэм я Іуэху кьиІащ. Гъэрхэм ятеуху Женевэ конвенцэм Іэ тримыдзами, ди къаралым абыхэм якІэлъызэрихьащ а дэфтэрым къыщыгъэльэгъуэ псори: яхуэпащ, ягъэшэащ, дохутырхэр кІэлъагъэлпІащ. Я узынщагъэ зэфІагъэувэжа иужь, махуэм зэрагъэлажьари сыхьэти 8 къудейщ. Ильгъуэр апхуэдизкІэ фІэтелъыджэти, фашист Іуэху елпІыкІэхэр иІэу зыкъэзытА Паулюс социалист гупсысэжэм дихьхауэ 50 гъэхэм СССР-м икІыжауэ щытащ.

● Футбол

Саугъэтым адэкІэ щІэбэнынухэр наІуэ мэхъу

Катарым футболымкІэ щекІуэкІ дунейпсо чемпионатым хуэм-хуэмурэ наІуэ щохьу саугъэт нэхъыщхьэм адэкІэ щІэбэнынухэри, зэхьэзэхуэр зыбгынэнухэри. Ар къэзыгъэлъэгъуа зи чэзу джэгуГъуэхэр мы махуэхэм зэхэтащ.

ТУНИСЫМРЭ Австралиемрэ я зэпэщІэтыныгъэм и унафэр зэІуІэм и 23-нэ дакъикъэм ящІауэ къыщІэкІащ. Австралиемрэ и гуащІэкъуэ Дюк гуащІхьэтетым къищтэну зы Іэмали зимыІа топ дигъэкІащ икІи и командэм Іэмал иритащ адэкІи бэнэныгъэм хэтыну. Япэ зэІуІэтІым къыщыхэгъэщІа Тунисым апхуэдэ Іэмал иІэнчъкъым.

Дунейпсо чемпионатым и еянэ джэгуГъуэ мазхуэм зэхэта зэІуІэхэм ящыщу къыхэзгъэщыпхьэщ «Е» гупым щызэпэщІэта Испаниемрэ Германиемрэ яйр. Япэ зэІуІэм къыщыхагъэщІа нэмыцэхэм къыкІэлъыкІуэми зэфІэкІыщхэ къыщыгъэлъэгъуакъым. Абыхэм я зэІуІщІэр зэрытемыгъэкІуауэ, топ зырызкІэ зэхъуэжауэ, иужкащ. А гуп дыдэм щыщу джэгуа Япониемрэ Костэ-Рикэмрэ я зэІуІщІэр Америкэ Курытым и командэм и текІуэныгъэкІэ ихуащ. Гупым и турнир таблицэм урилъэмэ, Германиеми я Іуэхур зэпльэгъэущ - зэІуІщІт нэужькъым европэ командэм зы очко закъуэ фІэкІа имыІэу иужьрей увыпІэм щытщ. ТекІуэныгъэ зы-рыз яІэщ Япониемрэ Костэ-Рикэмрэ. Гупым щыпашэщ зэи къыхамыгъэщІауэ очкоилІ зиІэ Испаниер. Зэкіэ и щхьэр течауэ пхужьІэнукъым гупыр зыбгынэнур. Псори щызэхэкІынур я ещанэ джэгуГъуэрщ.

«F» гупыр щызэхэкІащ щэч хэмыльу адэкІэ саугъэтхэм щІэбэнну Іэмал зимыІэ зы командэм и Іуэхур. Япэ зэІуІщІтІми къыщыхагъэщІа Канадэм и командэ къыхэхар. ЗэпэщІэтныгъэм къиІэуэ щызэхэкІар 83-нэ дакъикъэрщ. Казеميрэ джэгум щыдигъэкІа топ закъуэм бразилхэм текІуэныгъэ къахуихьащ. Адэкіэ Швейцариемрэ къэкІуэнур ещанэ джэгуГъуэрщ. Топ дахэ куэдкІэ гъэнщІуэуа щытащ Корее Республикэмрэ Гаинэмрэ я зэІуІщІр. ЗэпэщІэтныгъэм и япэ Іыхьэм дахьыкІипщІым къриубыдэу Ганэр топитКІэ япэ ищащ. Арщхьэкіэ зэгъэпсэхуу къихьэжа нэужь, корейхэм щІакъуэзащ икіи 58-нэ, 61-нэ дакъикъэхэм бжыгъэ зэхуэдэ ящІыжыну яхуэфэкІащ. Арщхьэкіэ абыхэм я гуфІэгъуэр кІэщІ дыдэт. Куэд дэмыкІыу зэІуІщІм дубль щигъэзэщІащ Ганэм и гуащІхьэхъуэмэкъуэ Кудус икІи и командэм текІуэныгъэр къыхуэзыхьа топыр дигъэкІащ. Кореем и топитІри и ІэдакъэщІэкІщ гъуащхьауэ Чхо Кю Сун, ауэ «зи закъуэр губгъуэм щызэузлІкъым» жыхуаІэращи, а зым и егугъуныгъэм и командэр кріигъэлыфакъым.

Япэ зэІуІщІэхэм къыщыхагъэщІа Камерунымрэ Сербиемрэ очко зырыз зыІэрагъэхьащ. Абыхэм я зэпэщІэтныныгъэм щыщу губгъуэм зэрита зэманым урилъэжмэ, зэІуІщІм и топихри дакъикъэ 45-м къриубыдэу дагъэкІащ. Бжьгъэр Камеруным къыхэІуихащ, арщхьэкІэ абы и жэуапу Сербием къыщыдгъэкІыжа топищым джэгум кърикІэнур наІуэ ищІа хуэдэт. Ауэ дэнэт?! Дакъикъищым и кІэуцІкІэ сербхэм бжьгъэр зэхуэдэ ящІыжащ икіи адэкіэ бэнэныгъэм зэрыпащэну гугъэхэр яфІэмыкІудауэ зэбгъэдэкІыжащ.

ЩэкІуэгъуэм и 29-м зэхэтащ «А», «В» гупхэм я ешэгъуэ джэгуГъуэхэр. Экводорыр 2:1-уэ хэзыгъэщІа Сенегалым и командэ къыхэхам Іэмал игъуэтащ финалым и 1/8-нэ Іыхьэм щыджэгуну. Апхуэдэу саугъэт нэхъыщхьэм адэкІэ щІэбэнынущ очкоибл иІэу «А» гупым пашэныгъэр щызыубыда Нидерландхэм я командэм. Ещанэ зэІуІщІм абыхэм зэхьэзэхэуэм и хэгъэрейхэр 2:0-у хагъэщІащ.

«В» гупым зэІуІщІщым иужькІэ япэ увыпІэр щадубыдащ Инджылызым и футболистхэм. Абыхэм 3:0-у хагъэщІащ Уэльсыр. Япэ зэІуІщІтІыр зэрытемыгъэкІуауэ зыуха США-м ещанэ джэгуГъуэм щІикъузэжащ икІи Ираным и гъуэм дигъэкІа топ закъуэм Іэмал къриратащ кІэух зэІуІщІэхэм хэтыну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

КІарэм и фэеплъу

● СтІолыщхьэ теннис

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щекІуэкІащ щыналъэхэм стІолыщхьэ теннисымкІэ я зэхьэзэхуэ. Ар фэеплъ хуащІащ Урысейм и Ліыхьужь, СССР-м спортымкІэ и мастер КІарэ Анатолэ. Зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэхэм щІэбэнащ Мэзкуу, Ставрополь, Зеленоград къалэхэм, Осетие Ищхъэрэ-Аланиеми, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм щыщ спортсменхэр.

Я ныбжь ельытауэ зызэхэта гупхэм пашэныгъэхэр щаубыдащ Къуэдз Даниэз, Котовэ Анастасие, Серёгин Даниил. Дыжьын медалыр Сундиевэ Елизаветэ къихьащ. Ульбашев Хьалид, Дзхъу Даниэл, Гуэнокъуэ Тимур сымэ ещанэ хъущ.

Фэеплъ зэхьэзэхуэм щытекІуахэмрэ къыщыхэжаныкІахэмрэ кубокэхэкІэ, медалхэмрэ грамотэхэмкІэ, фэеплъ дауГъэтхэмкІэ ягъэпэжащ.

МЭЗКУУ Къан.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкіэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къэншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщэпыдж Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ Иэз**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэ хъумэныжьІ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.748
Заказыр №2398

(12+)

Тедлэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху елпІыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕлЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдз **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Инна** *(1, 2-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

● Махуэгъэпсыр къызэбгъэдэкІыжмэ...

Социализмэм и Конституцэр

Совет тхыдэджхэм къалъытэрт 1936 гъэм СССР-м социализмэр нэсу щытекІуауэ. И кІэм нэсу, нэгъэущу жьпІэмэ. КъимыгъэзэжьмкІэ щытекІуауэ ягъэувар 1958 гъэрт. Абыхэм траухуэныр къызыхэкІар иджы тхуэгъэбелджылыну къыщІэкІынукъым, ауэ 1936 гъэм ди къэралым лъэужьышхуэ къызэрыщигъэнам шэч хэлъкъым: а илъэсым и дыгъэгъазэм и 5-м къащтащ СССР-м и етІуанэ Конституцэр, ди цІыхухэр «Сталиным и Конституцэкіэ» зэджэу зыщтар. Къэралри жылагъуэри пІалъэ кІыхькІэ - 1977 гъэр къэсыхукІэ абы ирипсауащ, къыдэгъуэгурыкІуащ, фІыри Іейри зэдгъэушу. Конституцэм и махуэу ягъэлъапІэ дыгъэгъазэм и 5-р махуэгъэпсым плъыжьу къыщыдгъэзэжрэуэт. Дэ, нэхъыжьхэм, дощІэж ар хуабжьу яІэту зэрыщытар. Сыт хуэдэт ар?

ЖАІЭЖЬРТ а Хабзэ нэхъыщхьэр и пэм къыщыщІэдзауэ и кІэм нэсыху езы Сталиным и Іэкіэ итхауэ. Арагъэнущ и цІэм щІрахьэлІари. Ауэ сыт хуэдэу щытами, и дэтхэнэ сатырир абы и гупсысэкІэ гъэнщІауэ зэрыщытам шэч хэлъкъым.

Ар псом япэу хыбОлъагъуэ конституцэщІэм ди къэралым и ухуэкІэм иригъэгъэта зэхъуэкІынигъэ инхэм. Хабзэ Нэхъыщхьэм властыр щыуэ игуэшащ: хабзэгъэув, гъэззщІакІуэ, суд къудамэзу. Дэтхэнэми и къалэнхэр ягъэбелджылат. Совет Нэхъыщхьэр псори зыхэт хэхьыныгъэхэм Іэ-Іэткіэ щыхахырт, пІащІэгъуэкІэ зыхэпльэн хуей гуэр къыкъуэмыкІмэ, ар илъэсым тІэу зэхуэсырт. Сессие зэхуакухэм лажьэрт Совет Нэхъыщхьэм и Президиумыр. ЦІыхубэ Комиссархэр (Хэку зауэшхуэм иужькІэ - Министрхэм я Советыр) къызэзыгъэпэщІри тезыгъэкІри Совет Нэхъыщхьэрт. Апхуэдэ ухуэкІэ яІэт союз, автоном республикэхэми. КонституцэщІэм и фІыгъэкІэ зы нэкІэ дэкІуерт щІыналъэ зыкъом. Псалъэм и хьэтыркІэ Закавказье Совет Федерацэ Социалист Республикэр зэхагъэкІат Куржы, Азербайджан, Армян ССР-хэу. ЗэхъуэкІыныгъэхэр къыщыхъуат ди Кавказ Ищхъэрэми. Абыхэм я нэхъыбэр автоном областым къикІри автоном республикэ хъуат. КъБАССР - Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Совет Социалист Республикэ - арат иджы ди Іэпэ къыхэзгъэщІ. Ди Іэтэхэнэ къэралым и фащэ псори, автономием Іэмал къыщІэдгъэщІ Іуэхуэхэм унафэ тетщІыхьыну, нэгъуэщІ щІыналъэхэм зэгурыІуэныгъэхэр етщІыпІэну. Дауи, Москва и нэІэм дыщІэту.

Автоном республикэхэм я нэхъыбэр хэтт РСФСР-м - Россие Совет Федерацэ Социалист Республикэм, ауэ псори икІэм-икІэжьым зэкІуэлІэжьыр СССР-рт - Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр.

Я зэхуэдэ Гимным иэмышІ, дэтхэнэ щІыналъэми я гербым и гимн иІэжт. Абыхэм къыщыгъэльэгъуат дэ дызэгурыІуэ-дызэдэІуэжу, щхьэхуиту, насыпфІэу, кІэщІу жьпІэмэ хъуэпсэгъуэу дызэрыпсэур. ЯщэмкІэ арэзы къызэдэхъунущ си ныбжьхэр - къэралым зэгурыІуэ илъащ. Ауэ адрейхэр апхуэдэ дыдэу щытакъым. Пэжщ, дэ дынасыпыфІэт зыри къызытемыгушхуэ къэрал лъэщым дыщыпсэурти. Хэбгъэзыхьмэ, гу лъытэртэкъым псэуныгъэкІэ пэрытхэм дакъызэрыкІэрыхуам.

ЩЫхьэныгъэхэм и гугъу пщІымэ, Конституцэм ит псалъэ дыгъэлэхэмрэ гъащІэм дыщызыІууэхэмрэ зэрызэщхьэщыкІыр нэм къыщІэуэрт. Пэжщ, ахэр хэхкІуэрт конституцэр къыщащта 1936 гъэм. А зэманым политикэ залымыгъэхэм заубгъуатэкъым, фэрыщІыгъэ хэлъми, хабзэм и пщалъэхэм тетхэт. Жэщым теузу «цІыхубэм и бийхэр» щапхъуэтэ лъэхъэнэр къэсатэкъым, къэблэгъами. ГъэщІэгъэнщ, ахэр къыщыкъубея лъэхъэнэм властыр зыІэщІэлъхэр егупсысакъым апхуэдизу ягъэвнуз къащта дафгэрым ирагъэзэрагъэзэщІэжьым. Псалъэм и хьэтыркІэ, Совет Нэхъыщхьэм и депутатым зыри ёІуэсну хуиттэкъым ар зи депутатым и Іизыншэу. Ауэ хэтыт абы еплъыр? Уи Іуэху елпІыкІэр пэрыуэнышэу къэпІуэтэнымкІи хуитыныгъэри пцІы зэфэзэщІт. Абы и закъуэтэкъым, ар къыпхуамыдэну шынагъуэт - властхэр сыт щыгъуи захуэт, ящІэ псори зыхуэгъэзар цІыхухэм, къэралым я фІыгъуэрт. Диныр пІыгъэныи умыІыгъныи хуит уищІырт. Ауэ къулыкъущІэм нэмэз ищІу ельэгъуащ е бзэгу якьмэ, кІэ ягъэ.

Ауэ а конституцэм и фІагъ хэлъащ къэралым и зыужьныныгъэр зэрыщІэзхуэбжьам, социализмэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр - лъэпкъхэм я зэхуэдэныгъэр, цІыхухэм ямыкІэ, пщІэнэщу щІэнигъэ зрагъэгъуэтынымкІэ, дохутырхэр зыкІэлъаГъэплъынымкІэ яІэ хуитныныгъэхэр зэрыщІигъэсыным. Ахэрат лъабжьэ яхуэхъуар, ди къэралым кьыщыхуэа зэхъуэкІыныгъэхэр кьалъытэу, 1977 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м къащта Хабзэ Нэхъыщхьэми.

Иджы, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр ди гъащІэм зэкІуэдыкІащ е хокІуэдыкІыж.

● Ар зэрыщытар